# Хадийжат

Ладог1алахь, ва Хадижа,
Ладог1арца, ойла елахь,
Сай сил дукха хьо езарна,
Ас яздинчу кху кехата.

Денна хазлуш зама лаьтта,
Иштта кхуьуш хьо ма лаьтта.
Хьо езарна ас детта са,
Сан ойла ей парг1ат даккха. } 2 раза

Хьан хазалла д1айиицийта,
Иллин мукъаме яьккхи ас хьо.
Хьан ц1е йоккхуш сайна хезча, } 2 раза
Сан кийрахь дог ловзу дуьйлу.

Хазчу гу т1ехь зезаг санна,
Даим хазлуш, хьо кхуьуш ю.
Жимчу бере нана санна,
Хьан б1аьра хьоьжуш со ма лела.

Суьйренца со чу вирзича,
Хьан ойла еш со д1авуьжу.
Г1ан-набарщца даим хьоьгуш,
Са хуьлаьнга со ма вуьйлу. } 2 раза

Ладог1алахь, ва Хадижа,
Ладог1арца, ойла елахь,
Сай сил дукха хьо езарна, } 2 раза
Ас яздинчу кху кехата.

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)